



**FORUM KELOMPOK KERJA GURU
KORWILCAMBIDIK KECAMATAN PURWASARI
PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAP
TAHUN PELAJARAN 2020/2021
KELAS 6**



Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Sunda

Nama Peserta :
No Peserta :

Tanggal :
Waktu : 90 menit

I. Cakra (X) salah sahiji huruf A, B, C, atawa D hareupeun jawaban nu pangbenerna!

1. Globalisasi, éta kecap téh geus mindeng disebut ku urang. Éta kecap téh nuduhkeun kaayaan sakuliah dunya geus dianggap salingkungan. Mun di nagara batur aya téhnik komunikasi, komputer, siaran televisi, sarua di urang ogé aya nu kitu. Urang kacida gampangna hayang nyaho naon baé nu aya di batur, anu tempatna jarauh. Muka internét mah jol bréh baé kapanggih, aya di hareupeun urang. Kaayaan tempat-tempat sadunya, anu sakitu jarauhna jadi deukeut pisan.

Titénan paragraph di luhur.

Anu jadi inti paragraph di luhur nyaéta

- A. Globalisasi B. komunikasi C. computer D. televisi

2.

- | | |
|----------------------------|---|
| (1).gampil informasi | (4). Enggal indit-inditan |
| (2).informasi teu kasaring | (5). Prilaku konsumtif |
| (3).gampil komunikasi | (6). gampil kapangaruhan ku lampah teu hade |

Titénan kecap-kecap anu aya di luhur!

Anu kalebet pangaruh positif globalisasi, nyaéta nomor

- A.(1),(2), jeung (3) B.(1), (3), jeung (4) C. (2), (3), jeung (5) D. (3), (5), jeung (6)

3. Titénan kecap-kecap anu aya di soal nomor 2!

Anu kalebet pangaruh negatif globalisasi, nyaéta nomor

- A.(1), (2), jeung (3) B.(2), (3), jeung (4) C (2), (5), jeung (6) D. (3), (5), jeung (6)

4. Baréto pasawahan di Karawang téh lega upluk-aplak. Paré anu dihasilkeun ti dinya bisa nyumponan pangabutuh di Jawa Barat. Karawang meunang jujuluk gudang paré. Ari kiwari di dinya jlug-jleg pabrik anu ngalantarankeun lahan pasawahan kacontang. Antukna produksi béas di Karawang nyirorot. Pikeun nyumponan pangabutuh masarakat, kapaksa ngimpor ti luar negeri. Karawang anu tadina gudang béas anu jadi andelan Indonesia ayeuna mah kudu ngadatangeun béas ti luar.

Titénan paragraph di luhur!

Nu janten kalimah dumasar tina éta paragraph, nyaéta

- A. Paré anu dihasilkeun ti dinya bisa nyumponan pangabutuh di Jawa Barat.
B. Karawang meunang jujuluk gudang paré.
C. Karawang anu tadina gudang béas anu jadi andelan Indonesia.
D. Baréto pasawahan di Karawang téh lega upluk-aplak.

5. Ku jaman kiwari jalmi gampil ngayakeun komunikasi, ngagunakeun

- A. Hapé B. surat C. wesel D. pakét

6.

- | | |
|--------------|-----------|
| (1) Telegram | (3) hapé |
| (2) Wesel | (4) émail |

Titénan kecap-kecap anu aya di gigirl

Sarana anu sok digunakeun ku masarakat global, nyaéta nomer ...

- A. (1) jeung (3) C. (3) jeung (4)
B. (2) jeung (3) D. (2) jeung (4)

7. Tahap-tahap nyieun karangan déskripsi nyaéta di handap ieu, iwal

- A. Nangtungkeun téma jeung judul karangan C. Nangtungkeun tujuan
B. Ngumpulkeun informasi atawa bahan D. Ngecék bener heunteuna informasi

8. Tong nitahan batur atuh, cokot ku sorangan baé buku téh. Maksud sorangan, nyaéta

- A. batur B. babaturan C. manéhna D. maranéhna

9. Kagiatan tanya-jawab antara anu nanya jeung nara sumber disebut

- A. ngawangkong B. paguneman C. talkshow D. wawancara

10. Di handap ieu mangrupikeun istilah dina wirausaha, iwal

- A. lemari B. bati C. ékspor D. impor

11. Titénan babagéan di handap ieu!

- | | |
|-------------|-------------|
| (1) Salam | (4) eusi |
| (2) Babasan | (5) panutup |
| (3) bubuka | |

Dumasar kana babagéan di gigir, struktur wawancara anu leres, nyaéta nomer

- A. (1) jeung (2) C. (1), (2), jeung (3)
B. (4) jeung (5) D. (3), (4), jeung (5)

12. Nuliskeun laporan wawancara téh kapasang kana ... bentuk.

- A. dua B. tilu C. opat D. lima

13. Titénan istilah di handap ieu!

- | | |
|------------|-------------|
| (1) salam | (4) ékspor |
| (2) untung | (5) panutup |
| (3) rugi | |

Dumasar kana istilah di gigir, istilah anu kaasup kana istilah wirausaha nyaéta nomer

- A. (1) jeung (2) C. (2), (3), jeung (4)
B. (4) jeung (5) D. (3), (4), jeung (5)

14. Waktu nu cikénéh karandapan, disebutna téh nyaéta

- A. ayeuna B. bieu C. saabad D. tadi

15. Baréto lawan kecapna nyaéta

- A. ayeuna B. sapoé C. sabulan D. sataun

II. Eusian titik-titik di handap ieu kalayan singket tur bener !

16. Sabalikna kecap poék nyaéta

17. Kuring téh ... amanat ku Ema keur ka Santi.

18. Awakna leuleus tau aya tanaga ibarat ... kaibunan.

19. Inditna ka Tangkubanparahu téh kahayangna sorangan, taya nu ngajak nu maksa. Maksudna nyaéta lain rombongan, tapi sacara....

20. Globalisasi, salah sahiji kecap anu remen ka dangu dina sababarapa topik obrolan. Kecap anu remen dibaca di surat kabar atawa majalah. Naon ari globalisasi téh? Globalisasi bisa dihartikeun salah sahiji prosés ngadunia. Sadaya bangsa jeung nagara di alam gancang nyambung hiji nagara jeung nagara lain. Saolah-olah teu aya batas wilayah. Era globalisasi saolah-olah dunya tanpa batas. Bacaan diluhur ngabahas

21. Kauntungan téh sok disebut oge

22.

(1) Sariak layung	(4) émpér
(2) Kamari	(5) dadasar
(3) ngembreuk	

Titénan kecap-kecap anu aya di gigir.

Dumasar kana kecap di gigir, istilah dina wirausaha nyaéta nomer

23. Kecap pananya anu digunakeun keur nanyakeun kajadian téh nyaéta

24.

(1) Miunda daya kréatif
(2) Miunda jiwa pemingpin
(3) Heunteu miunda rasa sumanget
(4) Miunda sikep hémat

Titénan kecap-kecap anu aya di gigir!

Nomer nu kaasup ciri-ciri sikep wirausaha nyaéta

25. Tujuan tina ngalakukeun wawancara téh nyaéta

III. Jawab ieu patalékan di handap kalayan leres!

26. Jéntrékeun ngenaan globalisasi téh!

27. Jieun kalimah maké kecap global!

28. Jéntrékeun ngenaan wawancara panalungtikan!

29. Tulis tilu struktur wawancara!

30. Jieun kalimah maké kecap usaha!